

Kisa Ou Ta Sipoze Konnen de Pwogram Piblik yo

Refije e Azile- Li ta ka posib w'ap jwenn ed nan men SSI, TANF e Koupon Manje e benefis komplet nan MaineCare. Sa vle di, si ou te aplike pou refij e w'ap tann desizyon, tant ou resevwa estati Refij ou ta ka poutet resevwa ed nan pwogram sayo.

Imigran Irakyen oubyen Afgani avek estati espesyal- Li ta ka posib w'ap jwenn SSI, TANF, Koupon Manje e benefis komplet nan MaineCare. **Atansyon:** Ou pa gen limit 6 oubyen 8 mwa limit sou kantite tann ou ka resevwa sevis sayo

Imigran legal Etazini- Ou ta ka poutet jwenn ed nan:

- **Asistans Jeneral** ki sòt nan vil oubyen site ou.
- **SSI** pou ede peye pou bezwen senp, si ou gen plis ki 65 ane oubyen si ou andikape; e
- **Benefis Komplet MaineCare** pou swen sante ou si gwo vant oubyen gen mwens ki 21 ane.

Manm Fanmi- Se pa tout moun nan fanmi-a ki ta ka jwenn ed nan pwogram piblik yo. Pa egzanp: Yon manman ka pa kalifye pou MaineCare, men timoun li yo ka kalifye. Sa vle di, ou bezwen panse de kiyès nan fanmi ou ka kalifye.

Aplike pou Ed- Ou pa bezwen bay prev estati imigrasyon ou, si w'ap aplike pou yon lòt manm nan fanmi-a, men pa pou tèt pa ou.

- Si w'ap selman aplike pou yon manm fanmi ou, ou ta dwe di moun DHHS ou p'ap aplike pou tèt ou.
- Si ou di sa, ou p'ap bezwen bay prev estati imigrasyon pou tèt ou.

Lwa la di, si yon timoun kalifye pou ed, timoun sa ta dwe resevwa ed sa-a, menm si parann li pa kalifye.

Imigran ki pa gen Papye Imigrasyon- Si ou pa gen papye imigrasyon, ou ta ka jwenn ed nan pwogram sayo:

- Asistans Ijans Medikal;
- WIC (manje pou fanm gwo vant e timoun);
- Pwogram manje lekòl;
- Vaksen, tès e trètman pou sentòm maladi kontajyèz;
- Head Start (yon pwogram timoun);
- Kay espesyal pou si ou pa gen kay, e kay espesyal pou moun ki viktim vyolans domestik.

Pou kesyon kontakte:

Maine Equal Justice Partners (MEJP)

207-626-7058 **oubyen** gratis 1-866-626-7059

www.mejp.org

Immigration Legal Advocacy Program

207-780-1593 **oubyen** gratis 1-800-497-8505

www.ilapmaine.org